ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№60-61 (22.469) • 2013 мэлыжьыхьым (апрелым) и 4, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 6-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхуба хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министрым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министрым гъэувын **Къумахуэ Мухьэдин Лалушэ и къуэр**.

2. Мы Указым кІары егъэут Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м
№947-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал кІуалыкІумрэ унафэщІ ІэнатІэхэр зезыхьэфынуэр кІыхьэхынымрэ я Іуэхуэхмкі щыІэ комиссэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал кІуалыкІумрэ унафэщІ ІэнатІэхэр зезыхьэфынуэр кІыхьэхынымрэ я Іуэхуэхмкі щыІэ комиссэм кІыхьэгъэщІэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал кІуалыкІумрэ унафэщІ ІэнатІэхэр зезыхьэфынуэр кІыхьэхынымрэ я Іуэхуэхмкі щыІэ комиссэм зэгрыкІэжкІыжьын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Унафэщі ІэнатІэхэр зезыхьэфынуэр кІыхьэхынымрэ ахэр гъэхьэзырынымкІэ щыІэ комиссэр зэгрыгъэкІыжьын.

4. Къару ямыІэжу кІэлъыплъыр:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Унафэщі ІэнатІэхэр зезыхьэфынуэр кІыхьэхынымрэ ахэр гъэхьэзырынымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэм я Іуэхуэ» 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №117-УП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Унафэщі ІэнатІэхэр зезыхьэфынуэр кІыхьэхынымрэ ахэр гъэхьэзырынымкІэ щыІэ комиссэм теухуауэ» 2012 гъэм мазаем и 10-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №23-УГ-м.

5. Мы Указым къару егъэут Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм гъатхэпэм и 21-м
№37-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм гъатхэпэм и 21-м къыдигъэкІа Указ №37-УГ-мкІэ кьыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэрал кІуалыкІумрэ унафэщІ ІэнатІэхэр зезыхьэфынуэр кІыхьэхынымрэ я Іуэхуэхмкі щыІэ комиссэм хэтхэр

Кьуэшырокьуэ З. Кь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и кІалэнхэр зыгъэзащІэр *(Комиссэм и тхьмадзэ)*

Власов А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и кІуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм кІэрал кІуалыкІым, кадрхэм, щыпІэ унафэр зегъэкІуэным яныщІа Іуэхуэхмкі и управленэм и унафэщІыр *(Комиссэм и тхьмадзэм и кІуэдзэ)*

Бабаев А. Щ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм кІэрал кІуалыкІым, кадрхэм, щыпІэ унафэр зегъэкІуэным яныщІа Іуэхуэхмкі и управленэм кІэрал кІуалыкІым, кадрхэм, кІэрал наградхэм я Іуэхуэхмкі и кІудамэм и унафэщІыр *(Комиссэм и секретарь)*

Канунников В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьегъащІыла и федеральнэ инспекторыр *(эгъуэгІуауэ)*

Къарэмырэ Б. С. - «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щраГъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и ректорыр *(эгъуэгІуауэ)*

Кладько И. Е. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кІалэнхэр зыгъэзащІэр *(эгъуэгІуауэ)*

Кьуэдокьуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кІуэдзэр

Кьуэщ1окьуэ З. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и кІэрал-правовой управленэм и унафэщІыр

Мусуков А. Х. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынырыгъэмкІэ и министрыр

Тлигатэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(эгъуэгІуауэ)*

Семэн П. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэдэжьыгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрыр

Тау П. Кь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьмадзэр *(эгъуэгІуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынырыгъэмкІэ и министрыр

Щ1ыхьымырэ М. М. - Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм и «КІуэкІуэ В.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щраГъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и ректорым и кІалэнхэр зыгъэзащІэр *(эгъуэгІуауэ)*

Щ1хьэгъуэ А. Л. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатыр *(эгъуэгІуауэ)*

ЧЕЧЕНОВ Ануар:

КъБР-м и Парламентым унафэ къыщищтэкІэ, лъэныкъуэ псори зэпилъытынущ

Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр ягъэувын папщІэ дяпэкІэ Іэмалу тІу щыІэнущ. Ятэрауэ, губернаторхэр ІэЗэткІэ хах хьунущ. Абы кьыдэкІуэу хунт ящ УФ-м и Президентыр арэзы зытехьуа кандидатхэм яныуэзыр щІыналъэм и парламентым хихыну. Абы теухуа зыхуэфащэ Законыр тхьэмахуэ блэкІам кьыщтащ Федерацэмкіэ Советым. Федеральнэ законым хальхьа зэхъуэкІыныгъэр кьыузэрыщІыхьуам тепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар:

- СУБЪЕКТЫМ и Іэтащхьэр зэрагъэувыну щІыкІэр убзыхунымкІэ полномочиехэр езы щІыналъэхэм зэрыратар тэмэму икІи зэманым кьигъэувэжм кьеззгъэуу, апхуэдэу язынкІуэу субъектхэм, абыхэм ди республикэри яхэту, лъэпкъ куэд зэрыщІипсэчуэ кьыхэкІыу щІэ щыгтыкІэхэм кьеозгъэуу кьыузолъытэ. Сэ шэч лъэпкъ кьытеэмыхьхэжу жьысІэфынущ абы гъэтхуауэ унафэ кьыщищтэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым лъэныкъуэ псори зэрызэпилъытынур. Республикэм и законодательствэм хальхьэну сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэри депутатхэм кууэ зэпкърах, ядж. Абыхэм ятеухуа зэІуІэ зыубгъуэхэр кьызэрагъэпэщ, граждан жылагъуэм и лЫкІуэхэм ІоЧэнджэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэр зэрыхахым теухуа Законыр кьыщащтэм зэныкъуэкъу куэд щыІащ, абы кандидатхэм езыр-езыру зыкъагъэльэгъуэжьынымкІэ мардэр хэгъэхьэным хуэгъэзауэ. Ди республикэм и кьыхэщхьэхухІныгъэхэр, ильэс куэд льандэрэ абы зэрызижь щыкІэр кьальытэри, парламентархэм унафэ ящІащ апхуэдэ мардэр законым хамыгъэхьэну. Федеральнэ законодательствэм хальхьа Іуэхугъэщ1эр ди дежкІэ тегъэщІапІ щ хэхьанырэм теуха законым кьытедгъэзэжу аргуэру зэ дыхэпльэжьынымкІэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щІыхьэмрэ аргуэру зэ дечэнджэщыжьынымкІэ икІи республикэм зэпІэзэрыгтыныгъэр, мамырыгъэр, зэгурыІуэныгъэр щыхьэумэныжьынымкІэ нэхъ сэбэн хьуну мардэр кьыхэтхынымкІэ. Унафэ пыухыкІа кьэптэгн папщІэ дэ идыкьри зы ильхэрэ ныкъуэрэ диІэщ, сыту жьІэпмэ, иджьпсту республикэм и Іэтащхьэм и полномочиехэр щиухыр 2015 гъэм и бжьыкьэрщ. А зэманым кьрИубыдэу дэ адрей щІыналъэхэм кьыщащта мардэхэр зэпкърытхунущ икІи нэгъэсауэ кьеозгъэныр кьыхэтхьфынущ.

УФ-м ЩІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм гъатхэпэм и 28-м щекІуэкІащ КИФЩІ-м и инвестицІэ проектхэм хухах кредитхэм кьэрал щэсыпІэхэр кьахуэзгъэпэщыным теухуа Іуэхугъуэхэр щызэпкъраха зэІущІэ.

АБы ХЭТАЩ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ, промышленностымрэ сатумкІэ и министрхэу **Мусуков Алийрэ Пономаренкэ Романрэ,** полимер кьабзэхэм щепхьэныну «Этана» заводым и унафэщІ **Іэщын Сергей,** Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ къуэпсыхьаш зыужьынырыгъэмкІэ, промышленностымрэ сатумкІэ и министрзэ **Мусуков Алийрэ Пономаренкэ Романрэ,** полимер кьабзэхэм щепхьэныну «Этана» заводым и унафэщІ **Іэщын Сергей,** Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ Іэнатіэхэм, кредит Іуэхущ1апІэхэм (Къэрал щІыб экономикэ банк, Урысейм и Мэкъумэщ банк, н.кь.) я лЫкІуэхэр.

Зэхэхьэм щытепсэльыхьащ УФ-м и къэрал щэсыпІэхэр нэгъабэ зрата проектхэр гъэзэщІа зэрыхьэм. Апхуэдэщ абыхэм мыльку зэрыухуахьам, ахэр кьызэрагъэсэбэпым, лэжьыгъэр зэрауэнэтІым, налогхэр зэратым, Іэнатіэщ1эхэр кьызэрызэІуахьам, щыІэ гугъуехьхэр кьызэпсыхьэ.

ЩІыналъэ зыужьынырыгъэмкІэ, промышленностымрэ сатумкІэ и министрыр **Мусуков Алийрэ Пономаренкэ Романрэ,** полимер кьабзэхэм щепхьэныну «Этана» заводым и унафэщІ **Іэщын Сергей,** Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я гъэзэщІакІуэ властым и федеральнэ Іэнатіэхэм, кредит Іуэхущ1апІэхэм (Къэрал щІыб экономикэ банк, Урысейм и Мэкъумэщ банк, н.кь.) я лЫкІуэхэр.

Зэхэхьэм щытепсэльыхьащ УФ-м и къэрал щэсыпІэхэр нэгъабэ зрата проектхэр гъэзэщІа зэрыхьэм. Апхуэдэщ абыхэм мыльку зэрыухуахьам, ахэр кьызэрагъэсэбэпым, лэжьыгъэр зэрауэнэтІым, налогхэр зэратым, Іэнатіэщ1эхэр кьызэрызэІуахьам, щыІэ гугъуехьхэр кьызэпсыхьэ.

● Инвестицэ проектхэр

Къэрал щэсыпІэхэр

кьызэпсыхьэ.

Къыщынэмыщ1ауэ, зэІуІэщ1ым щэсыпІэлъащ УФ-м и Правительствэм и Унафэкіэ (2012 гъэм гъатхэпэм и 3-м, №299-р) щэсыпІэу зыхуэувыну я мурад проектхэм я тхылъэкІэ зыхуэдэм, абыхэми, банкэр ароззы зытехуа е мыгувэу хьэзыр хьуну проектхэми щІыхуэ яхухэсыным теухуауэ лэжьыпхъэхэм.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Щапхъэ трах

Урысеймрэ Белоруссиемрэ щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэр белорусу щІыху 700-м нэблагъэ щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпІащ.

АБЫХЭМ екъуэхъуну КъБР-м Хьыбарегъащ1э Іуэхущ1апІэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствэм щыпсэухэсат диаспорэ зэмылІэужьыныгъэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр.

«Хэку зауэшхуэм и зэманым Совет Союзым ягъэ кьыщихьэщыжахэм, зыкьыщІэзэгъэкъуахэм ящыщу белорусхэр. Нобэми а лъэпкъым щыщу ди республикэм щыпсэухэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьынырыгъэм кьаруушхуэ халъхьэ», - жиІа министр Кьумахуэ Мухьэдин.

«Мэлыжьыхьым и 2-р Белоруссием зыгъэпсэхуГъуэ махуэу щагъэуващ, ар хуабжьу Іэтауэ ягъэлъапІэ. Си гуапэщ, щыуз бжьыгъэкІэ куэд дымыхьэчыми, ди диаспорэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрыщацІыхур, пщІэ кьызэрыщыхуащІыр», - кьыхэнгъэщащ белорусхэм я «Сябры» щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Сидорук Павел.

Зэ1уІэм кьрихьэлІа дагьыстэн, тэтэр, осетин, ермэлы, нэгъэущ1 диаспорэхэм я лЫкІуэхэм я белорусхэм хьэхуэ псалъэкІэ зыхуаГъэзащ.

ЩЫГЪУЭШ Ісиям.

Дунейм щыхъыбархэр

Узыгъэгузавэ бжьыгъэхэр

«Захуагъэ зэрыщІэ Урысей» партым и фракцэм щыщ Беляков Антон Къэрал Думэм кьыщыхилъхьащ зы ныбжьыр ильэс 21-рэ иримыкьуаХэм фадэ иращну хунтзымыщІ законопроектыр.

Абджыпсту щыІэ хабзэмкІэ, ильэс пщыкІуий хьу дэтхэнэми фадэ кьищэхуну хуитщ. Фадэ зращэ хьуну ныбжьыр законопроектым щІигъэзІэпхъуэр и щхьэусыгъуэр, Беляковым кьызэрилытэмкІэ, щІалэгъуалэр иужьрей зэманым абы хуабжьу дихьэх зэрыхъуарщ. Депутатым зэрыжІамкІэ, зи ныбжьыр ильэс 15-м щигъуэ урысей щІалэгъуалэм я процент 99-р фадэхэкІ, зэ нэхъ мыхьуми, ефащ. Урысейпотребнадзорым кьызэритымкІэ, ильэс 13 иркъуэ щІалэхэм я процент 33-р, хьыбжьэ щІыкІуэхэм я процент 20-р махуэ кьэс фадэ йофэ. ЕджакІуэхэм я процентитпІ кьудейрщ фадэр зищІысыр зымыщІэр. «Апхуэдэ щытыкІэр къэрал псор икъуэкІ зытегъэзвыхьын хуей Іуэху мыщхьэпэщ», - кьыхэнгъэщащ депутатым.

Еш ищІэркъым

Хьюз Грэм иджы дунейм и щыпІэ куздым щІэрыІуэ щыхьащ.

2009 гъэм и щІышылэм щІидзауэ абы дунейр кьызэхеКІухь. Махуэ 1426-м кьрихьлыдэу къэрал 201-м щыІэну хунэсакІэщ ар. Гу зылыхьапхъэщ ар кьхьухьлатэ зэримыгІысхьэр - зыплъыхьакІуэр зэм лъэсщ, зэми автотранспорт кьегъэсэбэп, зэзэмызи кьхьухь йотІысхэр.

Грэм ильэс 33-рэ мэхъу, Инджылызым щыщ Ливерпуль кьалэм щыщщ. ЩІалэр щІохьэпс Гиннесс и тхылъ щІэрыІуэм ихунэу. Абы и нэгу зригъэужь кьудейкІым - щыхьэщІэ кьэралхэм щилъагу нэхъ гъэщІэгъуэнхэм видео трехри, ахэр зыфІэгъэщІэгъуэнхэм ярегъэлъагъу, дыкьэзыхуэхуреихь дуней тельыджэр тхьымэн зэрыхуейм теухуа лекцэхэм кьуэдж.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 4, махуэку

▯ Лагьымым зыщыхьумэным теухуа дунейпсо маХуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2005 гъэм кьыщтащ.

▯ Ялтэ кьалэм и махуэщ. Ар ильэсэ 175-рэ ирокьу.

▯ 1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэм я оргбюро кьызэрагъэпэщащ.

▯ 1945 гъэм Советыдзэм Словакием и кьалащхьэ Братиславэ хунт кьыщІыжащ.

▯ Ильэс 40 и пэкІэ Ньюйорк кьыщызэІуахащ Дунейпсо сату центрым и унитІ, дэтхэнэри кьати 110-рэ хьууэ. 2001 гъэм фокІадэм и 11-м щІэпхъаджащІэхэм яубыда кхъухьльатитІкІэ ебгъэрыкІуэри, а унитІри кьызэтрагъэщэхауэ щытащ.

▯ УсакІуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емыжь Мулиэт** кьыщалъхуа махуэщ.

▯ Адыгей усакІуэ **Гъыш Рахьмэт** ильэс 50 ирокьу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градус 11 - 12 щыхьынущ.

Мэлыжьыхьым и 5, мэрем

▯ 1242 гъэм Невский Александр и дзэм Чудэ гуэлым и деж нэмыцэдзэр щызэтрикъутащ.

▯ 1905 гъэм Алъхъуей (Курп Ищхьэрэ) кьуажэм и мэкъумэщыщІэхэм зыкьаІэтащ.

▯ 1943 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ кьыщтащ Бахьсэн ГЭС-р зэфІэгъэувжьыным теухуауэ.

▯ 1943 гъэм Налшык дэт дагъэ завод №1-р зэфІагъэувжащ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 18, жэщым градус 12 - 13 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Мариэтэм.

Партым и акъылэгъуэхэр

● Политикэ

Пархоменкэ Юлиэ кьэпсалъэ.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и акъылэгъуэхэм я щІыналъэ советым и унафэщІ Пархоменкэ Юлиэ идыкьлагъэ яІущІащ. Тэрч щІыналъэм щыщу партым жьдэкъуэ хэтхэм. ЗэрытщІэщи, «Урысей зэкъуэт» партым ухьыхьэн папщІэ хабзэ пыухыкІаХэр щыІэщ, абы ипкъ иткІэ, «партым и акъылэгъуэхэр» унэтІыныгъэм ильэс ныкъуэм нэблагъэкІэ ущыльэкъэн хуейщ. Тэрч куейм щыщу зэІуІэщІэм кьрихьэлІаХэм нэхъыбзу зи гугъу ящІар, щыхухэр хуабжьу зытегъуэзвэ социально-экономикэ Іуэхуэхэр.

ЗэІущІэм кьыщаІэт упщІэхэм хэзыщІыкІыжьхэм жэуап иратыжьифын хуэдэу Пархоменкэ кьригъэблагъащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Харченкэ Юрий, КъБР-м и Парламентым Пэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ зэныщагъэр хьумэныжьмкІэ и комитетым и унафэщІ Жанатаев Сэлим, Налшык щыІэ ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ Абдулаев Мустафа сымэ. ЗэІущІэм зи гугъу щащІахэм щыщщ Дей - Курп Ищхьэрэ кьуажэм тель гъуэгур зэгъэпэщыжыныр, узыншагъэр щрагъэфІакІуэспорт унэу Тэрч къалэ щагухуэр и кІэм нэгъэсыныр, Тэрч къалэ щагъэтІыса хьэблэщІэхэр газкІэ кьызэгъэпэщыныр, Курп Ипщэ кьуажэм сабий сад щахуэныр, нэгъэущІэкІри.

Харченкэ Юрий кьызэхуэсахэм ягурыІуІащ 60 гъэхэм тралъхьа гъуэгур зэбгъэпэщыжьын папщІэ, сом мелуан 540-рэ зэрытекІуэдэнур, ар республикэм и гъуэгухэм ильэсым кьрибыдэу хухаха ахъшэм и ныкъуэм зэрынэблагъэр. Абы кьыхэкІыу федеральнэ мыльку хэмыту Іуэхур зэрызэфІэмыкІынур кьыхигъэщащ. КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм а гъуэгум и проектымрэ абы текІуэдэнымрэ кьызэрыригъэбжьыр, ильэс кьакІуэ мы Іуэхур зэфІагъэкІыну зэрыщыгугъыр жиІащ. Харченкэ Юрий.

ЗэІущІэм кьрихьэлІаХэр зыгъэпІейтейхэм ящыщт щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я улахэр зэрымащІэр. Абыкіэ щыІэ хэкІыпІэхэм кьууэ тепсэльыхьащ.

«Іуэху зезыхьэ Урысей» зэгухьэныгъэм и лЫкІуэ Пархоменкэ Юлиэ ильэсыщІэхэм епсэльэну зэхуигъэзат. Арщхьэкіэ абыхэм ящыщу зэхуэсым кьрихьэлІар мащІэ дыдэт.

ЗэІущІэр зэрыщьхэпэр абы кьрихьэлІа дэтхэнэми кьыхигъэщащ. Ар кьыззэыгъэпэщащ дяпэкІи я мурадщ а жыпхъэм тету республикэм и щІыналъэ хэм яхуебгъэгъэнщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Щэбэт щІыхьэхум кърикІуахэр къабжьыж

ЗэкІэ кьыззэралъытамкІэ, нэхъыжьхэм ядэІэпыкъуным хуэгъэза республикэпсо щэбэт щІыхьэхум хэтащ щІыху 89489-рэ. Республикэм и район псоми, апхуэдэу Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн кьалэхэм кьыщалэжьауэ щэбэт щІыхьэхум и фондым сом мелуани 9-рэ мин 994-рэ хальхьащ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынырыгъэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Ансамбль ціэрыІуэхэм ядоІэпыкъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и творческэ гуп цІэрыІуэхэм - «Кабардинка» кьэрал академическэ ансамблымрэ «Балкария» кьэрал Іуэрыіуатэ-этнографие ансамблымрэ - хэтхэм я фащэхэр кьагъэщІэрэщІэжьыну, апхуэдэу кьызэракІухьын транспорт кьащэхуну Іэмал ягъуэтащ. КъБР-м и Правительствэм иджьблагъэ ириГъэкІуэкІа зэІущІэм республикэм щэнхабзэмкІэ и министр Фырэ Руслан зэрыщьыкІамкІэ, а мурадхэм папщІэ республикэ бюджетым кьыхэхІыу дыззэрыт маззэм артистхэм сом мелуани 2,9-рэ хуауэ тІыпщынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Щ1ыхьымрэ Іуэхугъуэхэр

Щ1ыхьымрэ Іуэхугъуэхэр щыІэщ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм Урысейм и щІыхьэр щызыхьумэну КъШР-м и спортсменхэр абыхэм зэрыхуагъэхьэзырым. Ахэр кьытеувыІащ Архыз жылагъуэм спорт-зыщагъасэ центр щыхуэхьэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм.

- Дэ дахуэзакІэщ Кьэзан щекІуэкІыну гъэмахуэ Универсиадэм хэтыну спортсменхэм. Апхуэдэуи дытепсэльыхьащ 2016 гъэм Риоде-Жанейрэ щекІуэкІыну Джэгуэм ди олимпийскэ зэрыкуагъэхьэзырынум, - жиІащ Темрезов Рашид.

КъШР-м и Іэтащхьэм зыкъзэригъэльэгъуамкІэ, УФ-м Спортымкіэ и министерствэм зэрыцэлэжьа ильэситі ым республикэм ухуэныгъэшхуэу 4 щатащ. Мы гъэм и кІэм нагъэсыну щогугъ. Абаза районым щауХуэ Іэрыщ1 алэрыбгъу зэрыльэ топ джэгуплэр, Учкекен кьуажэм дащІыхь кьатитІу зэтет спорт унэр. 2013 гъэм и кІэм Прикубань районым щыІэ Дружба жылагъуэм щрагъэжьнущ спорт комплексышхуэ ухуэнырр. Абы хухаха щІы гектари 3-м щызэфІагъэувэнщ ухуэнырр, ешхьэ-кьуажэм, футбол джэгуплэ, теннис, волейбол ут зэІуха тІурытІ, баскетбол джэгуплэрэ еплынухэм хуэщІа тІысыпІэ 800-рэ.

Дзэ щІыхьым и аллее

КъШР-м и Правительствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм кьызэритамкІэ, Черкесск и зыгъэпсэхуплІ паркым Дзэ щІыхьым и аллее мы гъатхэм кьыщызэІуахьну я мураду.

ЖЭРДЭМЫР кьыщыхальхьащ Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщ1эуэзэда кьарухэмрэ хабзэхьумэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я кьалэ советым и пленумым, абы и тепІэр зыхуэдэнурэ яубзыхуащ. Алеем щыпІэ хэха щиубыдыныщ Хэкур нэмыцэ фашистхэм ящызыхьума, зауэм и ильэсхэм эжІуэда сэлэт мини 4-м нэблагъэм я фэеплъыр мыкІуэдыжьну тхыдэм кьыхэнэным. Ар даГъащ Хэку зауэшхуэм и ветеран 200-м.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЗэІущІэм гульытэ щигъэтащ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм Урысейм и щІыхьэр щызыхьумэну КъШР-м и спортсменхэр абыхэм зэрыхуагъэхьэзырым. Ахэр кьытеувыІащ Архыз жылагъуэм спорт-зыщагъасэ центр щыхуэхьэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм.

- Дэ дахуэзакІэщ Кьэзан щекІуэкІыну гъэмахуэ Универсиадэм хэтыну спортсменхэм. Апхуэдэуи дытепсэльыхьащ 2016 гъэм Риоде-Жанейрэ щекІуэкІыну Джэгуэм ди олимпийскэ зэрыкуагъэхьэзырынум, - жиІащ Темрезов Рашид.

КъШР-м и Іэтащхьэм зыкъзэригъэльэгъуамкІэ, УФ-м Спортымкіэ и министерствэм зэрыцэлэжьа ильэситі ым республикэм ухуэныгъэшхуэу 4 щатащ. Мы гъэм и кІэм нагъэсыну щогугъ. Абаза районым щауХуэ Іэрыщ1 алэрыбгъу зэрыльэ топ джэгуплэр, Учкекен кьуажэм дащІыхь кьатитІу зэтет спорт унэр. 2013 гъэм и кІэм Прикубань районым щыІэ Дружба жылагъуэм щрагъэжьнущ спорт комплексышхуэ ухуэнырр. Абы хухаха щІы гектари 3-м щызэфІагъэувэнщ ухуэнырр, ешхьэ-кьуажэм, футбол джэгуплэ, теннис, волейбол ут зэІуха тІурытІ, баскетбол джэгуплэрэ еплынухэм хуэщІа тІысыпІэ 800-рэ.

Дзэ щІыхьым и аллее

КъШР-м и Правительствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм кьызэритамкІэ, Черкесск и зыгъэпсэхуплІ паркым Дзэ щІыхьым и аллее мы гъатхэм кьыщызэІуахьну я мураду.

ЖЭРДЭМЫР кьыщыхальхьащ Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщ1эуэзэда кьарухэмрэ хабзэхьумэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм я кьалэ советым и пленумым, абы и тепІэр зыхуэдэнурэ яубзыхуащ. Алеем щыпІэ хэха щиубыдыныщ Хэкур нэмыцэ фашистхэм ящызыхьума, зауэм и ильэсхэм эжІуэда сэлэт мини 4-м нэблагъэм я фэеплъыр мыкІуэдыжьну тхыдэм кьыхэнэным. Ар даГъащ Хэку зауэшхуэм и ветеран 200-м.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дунейм щыхъыбархэр

Узыгъэгузавэ бжьыгъэхэр

«Захуагъэ зэрыщІэ Урысей» партым и фракцэм щыщ Беляков Антон Къэрал Думэм кьыщыхилъхьащ зы ныбжьыр ильэс 21-рэ иримыкьуаХэм фадэ иращну хунтзымыщІ законопроектыр.

Абджыпсту щыІэ хабзэмкІэ, ильэс пщыкІуий хьу дэтхэнэми фадэ кьищэхуну хуитщ. Фадэ зращэ хьуну ныбжьыр законопроектым щІигъэзІэпхъуэр и щхьэусыгъуэр, Беляковым кьызэрилытэмкІэ, щІалэгъуалэр иужьрей зэманым абы хуабжьу дихьэх зэрыхъуарщ. Депутатым зэрыжІамкІэ, зи ныбжьыр ильэс 15-м щигъуэ урысей щІалэгъуалэм я процент 99-р фадэхэкІ, зэ нэхъ мыхьуми, ефащ. Урысейпотребнадзорым кьызэритымкІэ, ильэс 13 иркъуэ щІалэхэм я процент 33-р, хьыбжьэ щІыкІуэхэм я процент 20-р махуэ кьэс фадэ йофэ. ЕджакІуэхэм я процентитпІ кьудейрщ фадэр зищІысыр зымыщІэр. «Апхуэдэ щытыкІэр къэрал псор икъуэкІ зытегъэзвыхьын хуей Іуэху мыщхьэпэщ», - кьыхэнгъэщащ депутатым.

Еш ищІэркъым

Хьюз Грэм иджы дунейм и щыпІэ куздым щІэрыІуэ щыхьащ.

2009 гъэм и щІышылэм щІидзауэ абы дунейр кьызэхеКІухь. Махуэ 1426-м кьрихьлыдэу къэрал 201-м щыІэну хунэсакІэщ ар. Гу зылыхьапхъэщ ар кьхьухьлатэ зэримыгІысхьэр - зыплъыхьакІуэр зэм лъэсщ, зэми автотранспорт кьегъэсэбэп, зэзэмызи кьхьухь йотІысхэр.

Грэм ильэс 33-рэ мэхъу, Инджылызым щыщ Ливерпуль кьалэм щыщщ. ЩІалэр щІохьэпс Гиннесс и тхылъ щІэрыІуэм ихунэу. Абы и нэгу зригъэужь кьудейкІым - щыхьэщІэ кьэралхэм щилъагу нэхъ гъэщІэгъуэнхэм видео трехри, ахэр зыфІэгъэщІэгъуэнхэм ярегъэлъагъу, дыкьэзыхуэхуреихь дунейр кьалэм щыщщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 18, жэщым градус 12 - 13 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Мариэтэм.

Дэ щІыхьымрэ Іуэхугъуэхэр

Сабий садхэм адыгэбзэм щыхурагъэджэнущ

АДЫГЕЙ. ***Зи школ кІуэгъуэ мыхьуа сабийхэр щаІыгъ Іуэхущ1апІэхэм щыкІуэхэр адыгэбзэм щыхурагъаджэ гупхэр кьыщызэрагъэпэщынущ. Ар кьрикІуащ республ

Чэфу гъуэгу техьэхэр

Чэфу рулым дэтыісхьэхэм я зэранкІэ къэхьу гъуэгу насыпыншагъэхэм, зэрыщыту Урысейми къуэдзу, Къэбэрдей-Балькъэрми щыхохьу. Нэгъабэ фадэ ефауэ транспорт зезыгъаКІуэхэм я зэранкІэ нэщІэбжьэ 25-рэ къэхьуащ. Абыхэм щыхуи 6 хэщІауащ, 37-м фэбжь ягъуэтащ. Дыдэрыжьа ящ ІэкІыбым, я ящ мазитфым республикэм аварием 4 кыщыхьуатри, цыхуиблым фэбжь хахащ.

А БЖЫГЪЭХЭР къигъэлъэгъуащ Къэрал кІуэцІ Іуэхущ-къэбзэныгъэм, зэрыщыту Къэбэрдей-Балькъэрми щыхохьу. Нэгъабэ фадэ ефауэ транспорт зезыгъаКІуэхэм я зэранкІэ нэщІэбжьэ 25-рэ къэхьуащ. Абыхэм щыхуи 6 хэщІауащ, 37-м фэбжь ягъуэтащ. Дыдэрыжьа ящ я ящ мазитфым республикэм аварием 4 кыщыхьуатри, цыхуиблым фэбжь хахащ.

Мыхьэнэшхуэ ирату тепсэлъыхьащ щхьэхуэ къэзыщэхэр, зыщэхэр къыщІэгъащынымк, я хэщІапІэхэр къэхутэным, ныбжьыщІэхэр абыхэм ящыхъумкІэ гулъытэ хэха хуэщІын зэрыхуейм. Наркотик къызыхах губгъуэрыкІ кэкІыгъэхэр гъэКІуэдыным ямыдэпІэхэр зэрыщІэхэм деж щытщ, - кыхигъэщхьэщІэхэм.

● Брифинг

Полицейхэр зэІуахуэ Іуэхум бгъэдохьэ, рейдхэр зэрырагъэкІыжынум цІыхухэр щыгъуазэ ящІ. Нэгъабэ и етІуанэ иІыгъэ ныкъуэм рейд 18-м щофер чэф 950-рэ къыщІагъэщащ, 2013 гъэм ирагъэкІуэжа рейдри 9-м 370-рэ щафэщащ.

Щэрджэс Сослъэн къызэрыльытмкІэ, апхуэдэ Іуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ. Республикэм къызэрыгъэжІ жэщ-махуэхэм чэфу рулым дэсу 15 - 20 ящыдмэ, рейдхэр щрагъэжІуэкІкІэ сыхьэт зыбжанэм ар 50-60-м ноблагъэ. Щофер чэфхэр нэхъыбэу къащыпэщІохуэр Бахьсэн къалэм, Бахьсэн, Аруан, Тэрч районхэм, Налшык къалэ. ДПС-м и кІудамэм и унафэщІым и кІуэдзэм къызэрыгъэлъэгъуамкІэ, щоферхэм ахэр зэрызэхащІыкІри зэхуэдэкъым: яхэтщ мыарэзыхэри, тхьэуэсыхэхэри щыІэщ. «Апхуэдэу щытми, щофер чэфыр тэмэмкъым. Къэдгъэсэбэн Іэмалхэр къэпльытэмэ, мы гъэм и яп мазищым аварием хэр нэхъ мащІэ хуэмыдщогуфы, - жиІащ Шэрджэсым.

Псалъэмакъым адэкІэ къыпызыщащ КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м пщэрыльхэхэмкІэ и кІудамэм и унафэщІым и лэжьакІуэ **Бизиев Заур** къызэрыгъэлъэгъуамкІэ, нэгъабэ чэфу рулым дэтыісхьэу щофер мини 7-м хэх зрыбгащ, 2037-м щофер тхьылъхэр трахащ, мини 2-м щІигъу административнэ хабзэм тету яубыдащ. Абы жиІащ хабзэр къызэпызыдудэм екъэлІауэ ГИБДД-м кІэитъэсэбэп Іэмалхэр нэхъри зэрыщІагъэтхІиенур: чэфу рулым дэтыісхьакъэм тралъхьэ кІуэдыр сом мин 50-м нэсынкІэ, щофер тхьылъхэр ильэситхукІэ трахынкІэ хъунущ.

Журналистхэм я упщІэхэм жэуап щратым ГИБДД-м и унафэщІым къыдэзрагъэлъэгъуамкІэ, ильэс кІуам полицейхэм къыпэщІэхуащ нахьыпкъ зэрыльхьэу автомашинэр зезыгъаКІуэ щофери 6. Къэхуащ полицейхэм ящыщ щытыкІэхэри - ахэр 12 къыдт. Фадэ ефауэ рулым дэтыісхьа полицейхэр лэжьапІэм Іуагъэкіащ.

КъБР-мкІэ МВД-м Уголовнэ къэлыхъэныгъэмкІэ и управленэм и унафэщІым и лэжьакІуэ **Салжанов Вадим** къытеувыІащ КъБР-м и щыналъэм щрагъэжІкІуэ «Къэлыхьэныгъэ» Іуэхугъуэм кІрикІуахэм. Судымрэ следствиемрэ зэащызыгъэпщІкІуэ цІыху 13 яубыдащ. Абыхэм ящыщ 5-р къэралыгъэ, адрейхэр щыпІэм къыщыльхьэрт. Хьыбарыншэу кІуэда цІыхуи 7-м я хэщІапІэр ябгъэзыхуащ, абыхэм языр куэд щІауэ къэралым къыщалъхьэрт. КъищынымщІауэ, къебзэншагъэхэр зэрагъэлъэІэщуу 7, СВУ-уэ 4, кьагъауэ вещество килограммиу 10, шэхэр кьытрахащ. Іуащхьэмахуэ къуэм полицейхэм наркоманхэм я зэхуэсыпІитІ щызэхуащІыкъащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м и прокуратурэм

Псоми я зэхуэдэ Іуэху

КъБР-м и прокуратурэм иджыблагъэ щыкІуэкІащ наркотикхэкІхэр, акъылымрэ зыгъэутхъуэ, зэрыгъэкІуэкІ, абыхэм хуагъадэ щхьухьхэр хабзэм къеІыгъэгъуэ зезыгъаКІуэхэм ІэнатІэхэм я зэдай комиссэм и зи чэзу зэІуцІэр. Абы къатащ ФСКН-м, ФСБ-м, ФСИН-м я щыналъэ управленэхэм, КъБР-м щыІэ МВД-м и къудамэхэм я унафэщІхэр, дэмокъитхэр, республикэм Узынщагъэр хьэмэнымрэ курортхэмкІэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствохэм я лыкІуэхэр.

КъЫЗЭРАГЪЭПЪэГЪУАМКІЭ, наркотикхэм пыщІа щІэпхъаджагъэ 1262-рэ нэгъабэ къыщІагъащащ. Абыхэм ящыщ 640-р хьэпсэр хьэпсэ щыщащ.

Гупым и унафэщІ, республикэм и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур наркотикхэкІхэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэр къызэпыудыжьыгъ, зэхэгъэкІыныр зи щІэрылъ следствиемкІэ Іуэхущ-ІапІэхэм, абыхэм публэу хэплъэ, къэлъыхъуэныгъэ гъэжьыгъэхэр езыгъэкІуэкІ ІэнатІэхэм ткІийуэ яхуиГъуащІ я къалэхэм жэщ-махуэ ныгъэ хэлъу бгъэдыхьэну. Сыту жьпІэмэ, публэу следствиер езыгъэкІуэкІ, Іуэхущ зэхэзыгъэкІ органхэм хабзэм къемызэгъ я процессуальнэ унафэу прокурорхэм якъутэжхэм хуэди 4-кІэ хэхъуащ.

Гъэмэгу республикэм щащІэхэм наркотикхэр Налшык зэрыщращэм теухуауэ пІалъэ кІэщІым къриубыдэу Осетие Ищхъэрэм-Алание къыщыІэуахуэ уголовнэ Іуэхуу 20 Къэбэрдей-Балъкъэрым къратыжащ. Наркотикым пыщІа щІэпхъаджагъэхэр профилактикэ щІыныр нэгъэсауэ къызэгъэпэща хъуркъым. Апхуэдэу нэхъыбэ къыщІагъэщ хъуами, административнэ жэуапым ирашалІэр мащІэщ.

Къэлыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэжІуэкІым наркотик щхъухьхэм хуэдэу грамм 235719-рэ къытрахащ. Абыхэм ящыщу грамм 20515-р Іущхьэжкіщ, грамм 502-р - опиумщ, миллиграмм 469851-р - героинщ, грамм 200414-р мариХуанэщ. А бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ наркотикхэр зыхэлъ къэкІыгъэхэр ди республикэм зэрыщыІэр. Апхуэдэщ, губгъуэрыкІ щІэлъымрэ Іущхьэмрэ.

ЗэІуцІэм къыщыхагъэщащ мы гъэм гугъуехьхэм къаззэрыхъэхъуар. ФСКН-м и щыналъэ управленэм следствиемкІэ и къудамэм уголовнэ Іуэхущ къызэІуихащ. Ахэр теухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ я щыІкІэ щагъэхьэзыра, фІагъыщхъуэ зиІэ героин, гашиш, марихуана наркотик хьэпсэхэр республикэм куэду зэрыщыізэблагъэкІым. Кьапащтэмэ, Бичекуев А., Лукъуев А. сымэ ящытрахащ, нэгъуащІ къэралхэм зэрыщагъэхьэзырам щыхьэт техьуэ дамыгъэхэр зэрырпыбзэкІэ зытет героину килограммитІым зэблагъэ. ЗэІуцІэм щагъэбелджылащ а щІэпхъаджагъэ лІэужьыгъуэр къызэпыудыным хуэунэтІауэ Іуэхур зэхьалІа хабзэхъумэ ІэнатІэхэм кьапэщытхэр.

Мыхьэнэшхуэ ирату тепсэлъыхьащ щхьэхуэ къэзыщэхэр, зыщэхэр къыщІэгъащынымк, я хэщІапІэхэр къэхутэным, ныбжьыщІэхэр абыхэм ящыхъмкІэ гулъытэ хэха хуэщІын зэрыхуейм. Наркотик къызыхах губгъуэрыкІ кэкІыгъэхэр гъэКІуэдыным ямыдэпІэхэр административнэ жэуапым ирашэлІэнущ.

ЗэІуцІэм къыщащтащ хабзэхъумэ Іуэхущ-ІапІэхэм дяпэкІэ зэуІуу зэфІагъэкІыну я мурадрэм теухуа унафэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ-ІапІэ.

● Профсоюзхэр

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ДАУ Марьянэ:

Щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ иІэщ

Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм комитетым и пленумым нэгъабэ и гъэжьыгъэм кьриІуахэр щыІэхэлъхьэжащ, дызыкъына 2013 гъэм кьапэщыт кьалэныщІэхэр щаубыдыжащ, абыхэм ящыщу гу нэхъ зыльытапхъэхэр щагъэнэІуащ.

ЛЭЖЬЫГЪЭМ хэтащ КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Амщокъуэ ФатІимэт**, абы и кІуэдзэ **Егоровэ Галинэ**, республикэм Щэнхабзэмкіэ, Спортымрэ туризмэмкІэ, Щыгъуэ жьабзэ егъащІэ Іуэхущ-ІапІэхэмкІэ жьыларыгъэ, дин зэгухьэныгъэхэмкІэ и министерствохэм я лыкІуэхэр.

Рескомым и унафэщІ **Дау Марьянэ** зэІуцІэр кьыдэхуэхри, блэкІа ильэсым зэфІагъэкІаэм, профсоюзым хэтхэм я социально-лэжьыгъэ хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхъэхэмрэ хъумэным теухуауэ 2013 гъэм кьапэщыт кьалэн нэхъыщхьэхэм, зыгъэпІейтейхэм, аэр зэфІэхьыныжмкІэ хэкІыпІэу кьиІытэхэм пленумым кьрихьэлІаэр зэпкърыхауэ щыгъуазэ ищІащ. Абы и докладым кьыдэрыхьащмкІэ, мы зэманым щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым кьызэщІедыдэ гъуэджэм, спортым, туризмэм, щІыхьэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм, щэнхабзэм пыщІа еджапІэхэм я щІыхь мин 5 зыхэт пэщІэдзэ профсоюз организаци 134-рэ.

ЩІэуэ профсоюзым кьыхьыхьащ щІыхь 828-рэ. Абыхэм я нэхъыбэр щІыхьбзщ.

- Республикэ комитетым и гулъытэр сыт щыгъуи нэхъыбэу зыхуэгъэзащ гугъуехьэхэр кьыдэзэнкІауэ, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я зэгугъэныгъэр егъэфІэкІыжащ, абы нэхъри зегъэубгъуныгъ. Ильэс кІуам рескомым пэщІэдзэ профсоюз организацэ 18 кьыдэзрихьэныгъэ хуэфІэкІащ. Абыхэм я процент 70-р спортымрэ физическэ щэнхабзэмрэ я ІэнатІэхэм хуоІэ. Профкомхэм я унафэщІу хахащ профсоюз кьызэгъэпэщащІуэу щытахэр, щІалэгъуалэм ящыщу жьыдэжрагъ зыхэлъ, фІыуэ зыкьэзыгъэльэгъащ, щытыкІащІэм итуанэ зэжьафынуэхэр, - жиІащ рескомым и унафэщІым.

Гугъуехьхэм щытепсэтыхьыжьащ, Дау Марьянэ кьыхигъэщащ лэжьакІуэхэр зэрыщыізблэжьыкІ кьыкъэкІыу республикэм щэнхабзэмкІэ и муниципальнэ кьуакэ Іуэхущ-ІапІэхэм профсоюзым хэтхэр нэхъ мащІэ зэрыщыхьыр. Кьапащтэмэ, Бахьсэн, Іуащхьмахуэ, Дзэлыкъуэ, Шэрдэж куейхэм процентри 10-м щыщІэдзауэ 20-м нэскІэ ахэр щыхэщІащ. Абы кьыдэкІуэу профсоюзым кьыхьыхьэхэр нэхъыбэ щыхъуащ Аруан, Лэскэн, Тэрч, Прохладнэ куейхэм.

- Мыпхуэдэ Іуэхум сыкьыІетмыувыІэнри схуэзэфІэкІынукъым - ар щэнхабзэм и организацэхэр нэгъуащІ профсоюзхэм ирашэкІыну зэрыхэтырщ, - жиІащ Даум. Кьыдэрыхагъэщащи, профсоюзым хэтхэр нэхъ мащІэ щІэхъу щхьэусыгуэхэм ящыщыі экономикэ, министерствохэмрэ ведомствохэмрэ, профсоюзым хэт Іуэхущ-ІапІэхэм щекІуэкІ зэхуэдэкІыныгъэхэм кьыщыгъэлъэгъуа тхыгъэкІэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир зэрызыхуагъаэзр.

Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ советым и унафэщІ **Пэжьдуаугъ Фатімэ** кьыхигъэщащ лажьэ щІалэгъуалэм, студентхэм я социально-лэжьыгъэ унэтІыныгъэхэм, я сэбэп зыхэлъхэр пхыгъэкІынымк я кьарур нэхъыбэу зэрыхэтырщ. Щхьэхуэу кьыдтеувыІащ щэнхабзэ зэхъуэкІынныгъэхэр эхъуэхъынм, ипэжьипІэкІ щэнхабзэм пыщІа гугъуехьхэр зэфІэхэным, абы и лэжьакІуэхэм гупытэ яхуэщІын зэрыхуейм теухуа унэтІыныгъэхэр

Экономикэ Политикэ

Махуэ къу

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Егъэджэныгъэ

ЕГЭ-мрэ Іулъхьэмрэ

Урысей школхэр мы гъэм къэзыухъуэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм еужьрэкІыу зыхуагъэхъэзыр. Абыхъэ я адэ-анэхэр экзаменхэм кьаринкІуэнуми пэмыльэу я ахъшэр «зэтралъхьэ», пщІэ зыщІэтыш хуейщ ІэныгъэмпащІэ ятыну е Іулъхьэу зыгуэрым Іэщ Іалъхьэну. «АиФ» газетым и дэжьыкІуэмрэ экспертхэмрэ зэхагъэкІ Урысейм Іулъхьэ нэхъыбэ щызекІуэ и еджапІэ нэхъыщхьэр сыт хуэдэхэрами.

ИЛЪЭСИЩ и пэкІэ, зи гугъу тщІы экзамен тыкІэр кьамыщтэ щІыкІэ, Экономикэмкэ школ нэхъыщхьэм кьихутащ егъэджэныгъэм щызекІуэу ахъшэр. Абы щыгъуэм Урысейм щыпсэуухэм я быныр пщІэншэу ирагъэджэн щхьэкІэ зы ильхьэм доллар мелард щІатыт. Абы щыщу процент 40-р ныбжьыщІэр еджапІэм щІэгъэтІысхьэным текІуадэрт. «Абы льандэрэ, - жаІэ экспертхэм, - ахъшэ бжыгъэм хуэдэ зыкІэ зэхъуащ».

Интернетым щрагъэкІуэна къэпщытэныгъэм кьызэриІэлъэгъуамкІэ, москвадзэ студент 1600-м 2012 гъэм еджапІэхэм щІэтІысхьэн папщІэ сом мин 205-м щегъэжьауэ, зы мелуанрэ мин 600-м нэс щатащ. ЕджапІэм и мыхьэнэр нэхъ льагъэу, «пхьы» ахъшэри нэхъыбэщ.

НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укъыщепльмэ... Ректорхэмрэ деканэхэмрэ я щІэ-уэцІэхэр, зэрыщІэтІысхьэ экзаменхэм я билетхэр, университетым щІэтІысхьэным щыхуагъэхъэзыр курсхэм кІуныр... А процент щыхьэ бэм ящІэн хуейтэкъым, ЕГЭ-р кьыхьыхьа нэужь, ауэ... «Зыхуей сабийхэм» я щІэ-уэцІэр иджы зыІэщІэпльыр дэфтэрэхэр Іыбыс комиссэр аракъым, атІэ школхэрщ, ахъшэдэуи билетхэр зыщІэр Егъэджэныгъэмкі ЩІыпІэ ІуэхущапІэхэрщ. «ЕГЭ-р кьызэрыхагъэхъэрэ едэкэным щІат Іулъхьэр нэгъуэщІ льагъэкІэ кІуэуэ хъуауэ аращ, «олимпиадэщ» абы зэреджэр, - жеІэ Экономикэмкі школ нэхъыщхьэм и Лъэпкъ кьохутэныгъэ университетым Егъэджэныгъэм зегъэужьыныныкІэ и институтым и унафэщІ Абанкинэ Ириндж. - А Іэнатіэм щекІуэкІ Іуэху мыщхьэпэхэм идкьыри кьахэхъуащ. КьищынэмыщІауэ, еджапІэ нэхъыщхьэм щылажьэ егъэджакІуэм щІэпсэуфынымрэ адэм щхьэкІэ дерсхэр зэрыІэзэхилъхьэм кьидэкІуэу, ныбжьыщІэр еджапІэм щІэтІысхьэным хуегъахьэщІ. Абы папщІи теЩыр трапльхьрхьым».

«Олимпиадэхэм ахъшэшхэу щызекІуэ, - кьэпещэ адэкІэ Экономикэмкі школ нэхъыщхьэм и Лъэпкъ кьохутэныгъэ университетым и профессор Левин Марк. - Зэрыжаіэмкіэ, олимпиадэм и текІуэныгъэмрэ абы кьрикІуэкІэ еджапІэм ущІэтІысхьэнымрэ кьэпщэхуным доллар мини 10 бжыгъэхэр токІуадэ. Абы щызекІуэ Іулъхьэр бгъэкІуэдыныр тыншщ, сэ кьызэрысльытэмкІэ. Ауэ ар унафэщІыр зэрыхуейщ. ЕГЭ-м нэхърэ олимпиадэм щыІэ «епщыжакІуэхэр» кьыщІэбгъэщыныр нэхъ тыншыщкІ. КьищынэмыщІауэ, сэ кьызгурыІуэркъым, деканым и кІуэдзэм Іулъхьэ кьыйихауэ кьыщІауибыдам и деж ректорри щІытрамыгъэкІыр. Е ректорыр апхуэдэ Іуэху мыщхьэпэ щыхэхуам и деж зыгъэува министерствэм щылажьэу, ар зи нэІэ щІэтыр щІыщІуамыгъэкІыр сыт?».

А гугъуехь псоми пІэІэщІэ зышщІыным хэкІыпІэ иІэщ Абанкинэм кьызэрилытэмкІэ. «Сабийр 9-нэ классым кьыщІокІри, техникымкІ щІотІысхь, ар кьиуха ихъэщ, олимпиади ЕГЭ-и хэмыту зыхуей еджапІэм щІотІысхьэ. Мис арат щхьэусыгъуэ хуэхъуар 2010 гъэм ЕГЭ-р кьыщыхьхьам техникумхэм сабий куэд щІыщІэтІысхьам. Ауэ идкьи «Егъэджэныгъэм теухуауэ» закощІэм а Іэмалри икъутэжащ. Дяпэкі колледжхэр кьэзыухэсми ЕГЭ ятын хуейщ».

ЕГЭ-м зыхуейм хуэдиз балл кьыщызымыхьыфахэм нэгъуэщІ Іэмали яІэщ - зэрыщІэтІысхьэ экзаменхэм языхэхэр еджапІэм деж щатыж. Ауэ апхуэдэ Іэмал кьэзытыр къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэ 7-рщ - МКЪУ, СПбКъУ-м хуэдэхэрщ. Мыбдежьм Іуэхур кьызэрыгуэкІщ, университетым щылажьэ гуэр репетитору кьащтэри, ахъшэ щхьэхуэкІэ сабийм и баллхэр «ирырегъэкъуэ».

- Идкьыри зы хэкІыпІэфІ щыІэщ балл куэд зимыІэ, бейхэм я бынхэм щхьэкІэ, - жеІэ Егъэджэныгъэ Іуэхутхьэбзэхэр кьэзыгъэсэбэпхэм я хуитыныгъэр хьэмэныкІэ зэгуэхьэныгъэм и Іэтащхьэ Панин Виктор. - Ар целевойкІэ зэджэщ. Ар кьэзыгъэсэбэныр университетыфІхэм зи бныр «щІэзыгуэну» хуей кьулыкъущІхэмрэ хэтъуэгухэм щыпсэу кьэрыкІуэтыщІхэмрэщ. «Егъэджэныгъэм теухуауэ» закощІэм кьызэригъэлъагъуэмкІэ, целевикхэм еджапІэр кьауха нэужь, эман гуэркІэ и къэралым щылэжьэжьи хуейуэ и кьалэнщ, ауэ хэт абы кІэльыпльыр? Апхуэдэ Іуэхуэхэр пхуэзэгъэкІынукъым, зэхэзылъхьэхэр губзыгъэ дыдэщи. Абы идкьыри зэ кьегъэльагъуэ, Урысейм жылагъуэ кІэлтыпльыныгъэ зэрыщыІэн хуейр, кьулыкъущІэхэм я Іэр кьызылекІуэкІ псори ящІэу дэмытын папщІэ.

БОРТЭ Юлие.

● Унагъуэ

Нэхъыбэ мэхъу

Нужьрей зэманым сабийуэ кьалъхуэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъур псоми ящІэ. Росстатым кьызэрибжакІэ, мы илъэсым и ящэ мазэм сабий 138930-рэ дунеим кьытехьащ. НыбжьыщІэ нэхъыбэ кьыщалъхуар Центральнэ, Приволжскэ федеральнэ щІыналъэхэм щыІэ льхуапІэ унэхэрщ. Кавказ Ищхъэрэр я Іуэхуэмкіэ нэхъ кьыкІэрыхуэм ящыщу - щІышылэм а щІыналъэм кьыщалъхуар 14540-щ.

АР ЗЭЛЬЫТАР Кавказ Ищхъэрэм и зэныныкъуэ щІыналъэхэм псэуэкІэр зэрыщыхьэлъэн и закъуэкъым, атІэ хэгъуэгум и щынагъэншагъэрщ, псэуным, лэжьэным епхауэ щыІэ гугъуехьщ. Псальэм кьыдэжьауэ щІэпсэ, Москва зы мазэм кьыриубыдэу сабий мин 11 кьыщалъхуащ. Кьалащхэри, ар зыхэчубэ облатсэри зэгъуэгу зэкьащтэмэ, щІыхь мин 15-кІэ нэхъыбэ хьуащ.

Кавказ Ищхъэрэм нэхъыбэ кьыщалъхуар, нэгъабли хуэдэу, Дагъыстэнращ, абы зы мазэм кьиубыдэу дунеим кьыщытехьащ щІыхь 4500-рэ. Щэщэмыкъуэ увыпІэр иубыдащ - 3288-рэ кьыхэхьащ. КИФШІ-м нэхъыбэ кьыщалъху и щІыпІэхэм ящыщу ещанэ увыпІэр Ставрополь крайщ, зы мазэм кьриубыдэу - сабий мини 3-м щІигъу. Абы и ГуэнэгъуІ Ипщэ Федеральнэ щІыналъэм хиубыдащэ хэгъуэгуэхэм епльытэ, Ставрополь апэ итщ Волгоград, Астрахань областхэм, Адыгеим, Кьалмыкым. Ауэ Ростов областымрэ Краснодар краймрэ апэ ищакьым.

Зи гугъу тщІы Іуэхуэм ещхьэжьи зи нэчхьэ ятхэхэр. Кавказ Ищхъэрэм унагъуэ мини 4-м щІигъу щаухуащ. Мендельсон и макьамэр нэхъыбэрэ щыІуар Дагъыстэнымрэ Ставрополь-рэщ. Лэжьыгъэ ямыІаэу пльытэ хьунущ Ингушымрэ Кьэрэшей-Щэрджэсымрэ щыІэ ЗАГС-хэм.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, зэщхьэгъуэз зэбгъэдэкІыжхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хуэ зэпытщ. Ар зэхэзылар Кавказ Ищхъэрэм и закъуэкъым, атІэ Урысей псом тещІыхьащ. 2013 гъэм КИФШІ-м я нэчхьэкІэр щрагъэкІуэну 1891-м. Нэхъыбэ дыдэ щызэбгъэдыкІыжар Ставрополь-рщ, нэхъ мащІэр Ингушыращ.

ТОКАРЕВЭ Евгение.

● УнщІэ - жэуап

Іэмал имыІэу

Урысейм кьакІуэхэм урыс псалъэ 850-рэ ящІэу щытын хуейр пэж?

УРЫСЫБЗЭР Іэмал имыІэу пщІэн зэрызыхуейр итщ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм игъэхьэзыра законым и проектым. Урысейм кьэІэпхьуэхэм тест іэжьыгъэ ирагъэщІыныщ. «Псалъэ 850-рэ кьыхахащ щыхэр кьызэрыгуэкІ бзэкІэ псалъэфэн папщІэ: сэлам зэрихьным, зэрыщІэупщІэным, зэрыщэхуэным нэхъ ещхьэІауэ, - жеІэ Пушкиным и цІэр зезыхьэ урысыбзэмкІэ кьэрал институтым и центрым и Іэтащхьэ Шиманов Елена. - Ар бзэр зэгъэщІэным льабжьэ хуэхъу Іыхьэращ. Анэдэлъхьэзр фІыуэ зыгъэшэрыуэ цІыхур зыхиубыдэр еханэ нагъыщІэрщ.

«АиФ».

Парламентым и ящхьэ палатэр хабзэщІэхэм тету зэрызэхашам ипкъ иткІэ, властым и орган «лажьэхэм» ящыщ къуаи икІи къэралым щекІуэкІ зэхьуэкІыныгъэхэм жыджэру хэтщ. Аращ Урысейм и юристхэм я ассоциацэм и президиумым хэт Барщевский Михаилрэ Федерацэмкіэ Советым и Іэтащхьэ Матвиенкэ Валентинэрэ ящыкІыбзагъэ щызэхуэзам зытепсэльыхьар.

